

# POESAKA-SOENDA

DIKALOEARKEUN KOE PAGOEJOEBAN

## JAVA-INSTITUUT

Ånoe djadi Redactie: Dr. R. A. HOESEIN DJAJADININGRAT,  
J. KATS, M. SOERIADIRADJA.

TOEDJOEL SERAT: — GOENOENG SARI 84, — WELTEVREDEN

### Eusina nommor 2.

Oenak-anik basa Soenda . . . . .	33
Ngamimitian ngadegkeun Tjabang Java-Instituut di Djogjakarta . . . . .	34
Pasoendan . . . . .	36
Sair Soenda . . . . .	37
Basa boehoen . . . . .	38
Sawèr anggoeun ka pangantén . . . . .	39
Biantara . . . . .	43
Watjan Siliwangi . . . . .	44
Pihatoer Redaksi . . . . .	48

### Oenak-anik basa Soenda beunang ngoempoelkeun Soerladiradja

(Samboengan Poesaka-Soenda No. 1).

11. *Andelemi.* Dihartikeunana koe oerang geus asa hidji sipat baè, nja èta sagala tingkah polah teu goeroeng-goe-soeh, sagala aplèn.

Pantes kitoe dihartikeunana, da lian ti koe panarik rasana ketjap, hartina ogè nja siga. Eta ketjap asalna tina *anda* (Kw) = aloes, èndah; ari *lemini* (Kw) = *geulis*, *aloes*.

Djadi saenjana *andalemi* tèh hartina: nja *geulis* nja èndah *aloes* pisan.

12. *Kabolèr.* Toekang tani katjida sieun-na sawahna kabolèr tèh, sabab wiwirang gedè makaja katinggaleun tèh. Anoe aja dina harti toekang tani, kabolèr tèh nja ngan kapandeurian ngagarap sawah baè, batoer geus tandoer, ari ieu kakara matjoel. Ari asalna mah pantes pisau koedoe *dipikasieun*, lain koedoe dipakè kaèra, sabab *bolèr* tèh *ngaran hama*, anoe sok ngaroeksak parè atawa boeboeahan sèdjèn. Djadi sieun *kabolèr* tèh asalna mah, sieun tinggaleun makaja sabab bisi engkè pakajana bèak koe *bolèr*.
13. *Rérègan* ajeuna mah dilandi koe *gar-dèng* (gordijn), asalna tina *rérèg* hartina *ngèsèr*. Bañéula mah biasa njeboet: panon poè *ngarérèg* ngidoel, *ngarérèg* ngalèr. Djadi *rérègan* tèh hartina anoe beunang dikèsèr-kèsèr, anoe beunang di-sèrèlèk-sèrèlèk.

- n 1
- / k
- n
- B 3: 84
14. *Adigoeng adigoena*, hartina adigoeng atawa reueus. *Adigoeng* = reueus, ari *adigoeda* (*adhiguna* Skr.) hartina *sampoerna* at. *kapinteran*. Djadi hartina: reueus pèdah pinter, aloes at. *sampoerna*. Atawa: *Sampoerna* reueusna, reueus pisan.
  15. *Meudjeuhna* lain tina *eudjeuh* dirangkènan na, tapi tina *medjana* asalna tina *madijama* (Skr), hartina tengah-tengah at. sedeng.
  16. *Kaba*. Mindeng ngadèngè anoe mapatahan pokna: *Oelah kabawa hoe sakaba-kaba*.  
Anoe dipapatahanana rèa anoe boga sangka sakaba-kaba tèh bangsa djoerig at. djelema djahat. Ari hartina *kaba* tèh (basa Kawi) = *karep*, djadi *sakaba-kaba* tèh hartina: *sakarep-karep*. Ana kitoe èta papatahan tèh saroea djeung: „*oelah sok mawa karep sorangan*”.
  17. *Karageun*, hartina mah sadaja ogè parantos oeninga. Asalna tina *karag* hartina *aron*, *tjangkaroek*, sangoe at. ketan beunang noehoerkeun. *Karageun* tèh djadi kasakit lantaran koe *karag*.
  18. *Darana*, biasa sok ngantèt djeung *sabar*. Asalna tina *dharana* (Skr) hartina teteg hatè, pageuh njekel bebe neran, tahan.
  19. *Pandjoenan*, tempat paranti njieun barang gagarabah. Asalna tina *djoen* (Kw) hartina boejoeng at. gentong. *Andjoen* sok dihartikeun: toekang njiieun barang gagarabah tèa.
  20. Djelema tara aja *kaboedajan*, dihartikeun saroea djeung tara aja goeam, tara aja gawè dj. s. t.  
*Boedaja* (Kw) = boedi, pikir, goena. *Kaboedajaan* diringkeskeun djadi *kaboedajan*.
  21. *Galoeh* (Kw) = poetri, istri toeroenan anoe loehoeng.  
*Galoeh* (Skr) = sosotja, bangsa inten.
  22. *Sakèdah-polah* dianggap saroea har tina djeung *satèkah polah*.  
*Kèdah* (Kw) hartina: karep, maksoed, atawa pagawèan anoe prak dipigawè pikeun ngalaksanakeun karepna. Saenjana *sakèdah-polah* djeung *satèkah-polah* tèh bèda hartina, bèda karepna, da *satèkah*, asalna tina *tèka* (Kw) = *tika* (Kw) mèh saroea djeung *tingkah* = polah, peta. *Satèkah polah* = satingkah polah, sagala kalakoean, sagala peta. *Sakèdah polah* = saboedi akal, sagala akal djeung polah pikeun ngalaksanakeun maksoed.
  23. *Tata krama*. *Krama* (Kw) hartina saroea baè djeung tata, basa. *Tata krama* = tata basa, anggah-oenggoeh kahormatan. *Krama* (Skr) hartina anggah-oenggoeh kahoermatan kènèh. Oelah pahili sareng *karama* (Kw), hartina *ngèndong ngadon mondok* di tempat sèdjèn. *Matjang karama*, asalna hartina sadia sagala baris meuting di tempat sèdjèn, ngadon ngèndong. Ajeuna dihartikeun borak-borak atawa tjoerak-tjoerak lain di imah.
- Aja samboenganana.
- Ngamilitian ngadegkeun  
Tjabang Java Instituut  
di Djogjakarta.**
- (Samboengan Poesaka-Soenda No. 1).
- Reglement.
- 1
- Tjabang ngitoengna tahoen mimiti nepi ka 31 December 1921, sarta sateroesna ti oenggal 1 Djanoeari nepi ka 31 Decem ber.
- 2
- Maksoed Tjabang, baris ngamadjoekéun wewengkonna tina soegri anoe kaoengel dina oegeran (Statuten) Java Instituut, artikel 3.

Anoe djadi elid Tjabang Djogdja nja éta elid-eli J. I. elid kahormatanana djeung anoe geus diangken koe J. I. anoe mara-toeh di Karesidenan Djogdja.

Goegoer kaelidanana ti Tjabang lamoen:

1. Kaloeear tina pakoempoelan Java Instituut.
2. Pindah ti Karesidenan Djogdjakarta.

Soegri elid Tjabang, meunang asoep kana gempoengan-gempoengan, tongtonan-tongtonan dj. s. t. anoe diajakeun koe Tjabang.

Anoe djadi Bestuur Tjabang nja éta, hidji voorzitter, hidji Secretaris-pening-meester djeung sakoerang-koerangna 3 elid. Lamoen Voorzitter aja halangan disoendang koe salah sahidji elid bestir anoe panglilana. Ngadjenengkeunana Bestir Tjabang tèh dipilih koe vergadering, oenggal taoen koedoe eureun kabèh, tapi beunang dipilih deui.

Bestir meunang ngajakeun vergadering elid, lamoen aja pemèntana tiloe elid sakoerang-koerangna.

Soerat bèwara baris ngajakeun koempoelan tèa, sakoerang-koerangna ti pisaminggoeeun deui, koedoe geus dièmbar keun dibarengan koe ringkesan anoe rèk dibarempoegkeun.

Poetoesan koempoelan noeroetkeun so-ra anoe panglobana. Dina ngoendi perkara-perkara meunang koe lisan, tapi djelema mah koedoe dioendi koe toelisan anoe teu ditanda.

Lamoen baloeh dipotoesna koe oendian deui.

Basa dina koempoelan biasa, anoe dipakè basa Walanda, aja kadjabana, lamoen katimbang djeung kaidinan koe vergadering.

Meunang ngajakeun koempoelan loear biasa, anoe basana noe dipakè basa Djawa, sarta dina soerat bèwarana koedoe di-oengkelkeun.

Doeit anoe katampa ti Java-Instituut, atawa anoe torodjogan katampa koe Tjabang ti anoe sèdjèn, digoenakeun kana ngawaragadan kaperloean Tjabang. Lamoen Tjabangna koebra, baris dipasrahkeun ka kas Java -Instituut.

Soegri anoe matoeh di karesidenan Djogdja anoe lain elid, teu meunang miloe koempoelan, iwal anoe geus aja idin poetoesan Vergadering, Tapi anoe lain oerang Djogdja mah, meunang lamoen aja idin Bestuur.

Soegri anoe atjan kaoengel dina reglemen, dipotoes djeung ditangtoekeunana koe bestuur.

Poetoesan anoe djadi bestuur meunang dibawa kana Vergadering, lamoen teu sa-poek.

Ieu anoe kasérat di loehoer, ètang-ètang tjonto, jèn di Djogdja parantos ngadeg Tjabang Java-Instituut. Pamoega-moega djadi panghoedang kana toemoeroenna Tjabang di Pasoendan, margi koe sadaja tangtos kamanah, jèn koe H. B. moal ti-asa laloeasa dihontalan ti anggangna, oe-tami dirodjong koe pangolahna Tjabang. Tjing ajeuna oerang anggo saèmbara, di mana di dajeuh anoe mana di Pasoendan, anoe pangmimitina ngadeg Tjabang Java Instituut? Sadajana tangtos pada kawaranan, hajang geura terang di mana Tjabang J. I. pangheulana gelar!

Antos-antos baè!

Red.

## Pasoendan.

Ti mana asalna ari bangsa Soenda? Ieu pertaanjan soesah didjawabna. Tapi sanadjan soesah ogè oerang tjoba<sup>2</sup> baè, soegan djeung soegan, sapoek djeung manahna para boedjangga.

Lamoen hajang nganjahokeun bangsa<sup>2</sup>, koedoe kanjahoan heula basana. Koe lataran dibanding-banding basana, engkè beunang dikira-kira ti mana asalna èta bangsa.

Pirang<sup>2</sup> ketjap Soenda anoe saroea atawa mèh saroea djeung basa<sup>2</sup> sèdjèn di Hindia, tjontona:

*AKOE. Kawi, Malajoe, Soenda, Dajak; Batak, AHOE.*

*ANGIN. Kawi, Malajoe, Soenda, Dajak; Batak.*

*ANAK. Kawi Malajoe, Soenda, Dajak; Makasar, Madoera.*

*INOEM. Kawi, Malajoe, (minoem), Soenda, Batak (minoem), Mak. (nginoeng).*

djeung salian ti èta. Ketjap<sup>2</sup> anoe kieu oepama dikoempoelkeun tangtoe aja ratoes<sup>2</sup>.

Koe sabab èta oerang bisa njangka jèn sakabèh bangsa noe njitjingan tanah Hindia tadina sadapoer.

Sangkaan para boedjangga sakabèh bangsa<sup>2</sup> anoe njitjingan poelo<sup>2</sup> Insoelinda (saenjana poelo<sup>2</sup> anoe aja sakidoeleun poelo Formosa, sakalereun Nieuw Zeeland, sawètaneun Madagaskar, sakocloneun Paasch-eiland), kadjabo oerang Papoea djeung oerang Negrito, asalna ti Hindia toekang, nja èta ti Cochin China, Kambo-dja djeung Annam.

Tangtoe aja hidji waktoe anoe ngalaran tarankeun djelema<sup>2</sup> di dinja patamboear ka mana<sup>2</sup>, toeloej njitjingan poelo<sup>2</sup> Insoelinda. Oepama èta bangsa<sup>2</sup> tadina henteu hiroep sakoemboeh, tangtoe moal aja ketjap-ketjapna noe saroea.

Djaman baheula pisan poelo Djawa tèh diseboetna Noesa Kendeng. (Kendeng hartina kendang; kendang bangoenna pandjang; djadi Noesa Kendeng hartina poelo pandjang).

Ningal boektina ajeuna, maoj gagal djelema<sup>2</sup> Noesa Kendeng tea aja tiloe boe-boehan.

Noe saboeboehan njitjingan Djawa koe-lon, noe saboeboehan Djawa tengah djeung noe saboeboehan deui njitjingan Djawa wétan djeung poelo Madoera.

Waktoe èta sèmah<sup>2</sup> daratang, di Noesa Kendeng geus aja noe njitjingan diseboet-na siloeman-sileman, onom sètan, djoerig atawa jaksa, tapi ari boektina mah meu-reun bangsa djelema noe leuwih bodo. Eta pangeusi asal teu aja pisan kakawasaana-na.

Eta noe tiloe boeboehan noe aja di poelo Djawa tea nja èta karoehoenna oerang Soenda, Djawa djeung Madoera.

Bangsa Djawa djeung bangsa Madoera teu aja katjaritakeunana rapih-henteuna. Ngan bangsa Soenda salawasna gètrèng baè djeung bangsa Djawa. Nepi ka aja waloengan ngaran Tjipamali pikeun neundeun piheuleut, noenda pitjela, bangsa Djawa djeung Soenda.

Lamoen salah saoerang aja noe wani meuntas ka tanah batoer, geus oelah ngarepkeun salamet baè.

Saenjana harita tatjan aja ngaran Soenda, sabab noe mimiti njieun ngaran Soenda tèh oerang Hindoe Keling, noe pangheulana datang ka Noesa Kendeng (poelo Djawa).

Saoer ahli basa, Soenda tèh asal tina basa Sangsekrit Wasoenda hartina kebon doenja barana. Ninggang naker oepama dihartian Soenda, soegih tèh, lain soendek. (1)

Sababna diseboet soegih, taksiran koe lataran sagala djadi, tanahna lèndo, tjai teu koerang, tanah lega, ninggang naker kana tjatjandran dalang: *pandjang poendoeng, pasir woekir, loh djinawi*.

<sup>1)</sup> Pirang-pirang kirata anoo nerangkeun hartina Soenda tapi mana anoe enja, èta teuatjan aja anoe tiasa mastikeun. Malah koe réana noe ngirataan tea ogè, èta geus djadi tawis soolitna nitih pasti. Dina tjarios-tjarios basa Sangskrit ari ketjap anoe bélèkè oenina Soenda mah, moeng kapendak dina ngaran doea Jaksa, anoe dina dongéngna pada perang, nja èta anoe saoerang ngaranna Soenda, anoe saoerang deui Oepasoenda.

Tapi doeloer<sup>2</sup>? oelah waka imoet koe sakitoe, geura manah mamalana, lantaran teu soemorèang ka toekang ninggang ka noe salantjar mah matak djadi balangah, nambahan katalingeuhan, toengtoengna kairik batoer.

Dina mimiti taoen Masehi Noesa Kendeng tèh geus kamashoer ka awoen<sup>2</sup> kakotjap ka boeana Europa, jèn soegih koe bès; koe sabab èta lawas ti lawas toeloej koe oerang Hindoe dingaranan *Jawadwipa*. Jawa (Djawa) hartina bès; *dwipa* hartina poelo. Djadi *Jawadwipa* = *poelo bès*. Ngaran *Noesa Kendeng* lila<sup>2</sup> leungit.

Waktoe soedagar<sup>2</sup> Hindoe balajar rèk dagang ka nagara Tjina, sok njarimpang heula ka Djawa koelon djaung Djawa tengah basisir kalèr, nja èta rèk mareulian bès.

Beuki lila poelo Djawa beuki mashoer, nepi ka oerang Hindoe Keling, teu kaampeuh, toeloej baè balajar sedja ngoembara ka poelo „sawarga” nja èta poelo Djawa (kira<sup>2</sup> windoe ka 2 atawa ka 3).

Oerang Keling anoe matoeh di Pasoendan agamana agama Wisnoe, aja ogè anoe agama Brahma. Di nagarana (Hindoestan) djelema<sup>2</sup> dibagi 4 martabat.

Martabat pangloehoerna *Brahmana* nja èta bangsa pandita<sup>2</sup>.

Kadoea: *Satria* (*Ksjatrija*) nja èta bangsa mènak<sup>2</sup> ahli peperangan djeung pamerèntah nagara.

Katiloe: *Waisja* nja èta bangsa tani soedagar djeung patoekangan.

Kaopat: *Sjoedra* nja èta bangsa koeli<sup>2</sup> djeung boedak beulian.

Noe ka 1 ka 2 djeung ka 3. Katjida ngahnana ka noe ka 4.

Oerang Pasoendan harita diasoepkeun kana martabat noe ka 4.

Oerang Pasoendan djeung oerang Hindoe dina mangsa harita beunang diseboet papaharè hiroep.

Aja ogè oerang Pasoendan anoe bisa noeroetan pangabisa oerang Hindoe, oepamana tina perkara ngabatik. Tapi boeatana tangtoe gorèng kènèh pisan. Toelisna ogè ngan oekoer hideung, beunang neuleum koe taroem, da taroem mah henteu koerang, datang ka aja waloengan anoe dingaranan Tjitaroem, sabab ajana

dina tempat anoe rèa taroemna. Waktoe harita oerang Hindoe njieum nagara leutik, nagara anoe pangheula-heulana di pœlo Djawa ngaranna:

### TAROEMA NAGARA.

Nja èta anoe ajeunana djadi karesidenan Batawi (teu makè Krawang); watensna ti kalèr: Laoet Djawa; ti wétan Tjitaroem; ti kidoel goenoeng Salak, goenoeng Gedè; ti koelon Tjisadanè.

Ngadegna èta karadjaan antara windoe ka 4 djeung windoe ka 5.

Radja<sup>2</sup> noe marèntah nja èta toeroenan Radja *Poernawarman*. Dajeuhna èta karadjaan bisa djadi di sisi Tjisadanè dina palebah mimiti beunang diparahoean, antara waloengan Tjianten djeung Tjiaroteun (sèlèrna Tjisadanè), deukeut djalan Tjilèndèk, koelon-kalèr ti Bogor.

Didinja kapanggih pirang<sup>2</sup> oeroet tèmbokan pademèn imah, terang pisan, jèn di dinja baheulana ditjitjingan koe djelema.

Dina éta waloengan lebah dimja, kapanggih aja batoe<sup>2</sup> ditoelis basana basa Hindoe baheula, njaritakeun ngaran<sup>2</sup> raja djeung karadjaanana.

Handjakal èta ngaran *Poernawarman* henteu diterangkeun asal-oesoelna. Kawansa baè bawaning koe mashoer, nepi ka oenggal djelema tangtoe njaho, djadi teu perloe diseboetkeun deui.

Baris disamboeng.

P.

### Sair Soenda.

(beunang ngoempoelkeun R. Hassan Soema di Pradja).

1. Lamoen niat lalangganan,  
perdjangdji pasisinian,  
poma oelah ngalawanan,  
noe matak meungpeuk angkanan.
2. Lamoen koerang koerang tjangker,  
mangkè di hareupna soeker,  
ngabangloeskeun hal kapêngkér,  
tiwoen sinigeg kakékér.

3. Koedoe milih noe kaoengang,  
mangkè badami boengangang,  
lamoen ngalawanán éngang,  
soesah awak nja tjélengang.
4. Indit oelah roesoch gantjang,  
bisi gantjang matak pintjang,  
mèmèh djoeng koedoe diroentjang,  
koedoe tjara èntjang-èntjang.
5. Oelah dèk tjara koekoepoe,  
djasmani didjieun sapoe,  
ngadjoegdjoeg seuneunà lampoe,  
gédéboeg njawa kapoepoe.
6. Ari dèk dioek sing apik,  
bisi aja noe kaheumpik,  
lamoen kira bakal roempik,  
pangdioekan doedoe tampik.
7. Koedoe tjara hap-hap sila,  
mèmèh gèk digedag heula,  
bisi aja geusan tjela,  
anoe matak narik bahla.
8. Ari omong koedoe adil,  
koedoe niron-niron bedil,  
mèmèh pok geus gerendil,  
raratjik samèmèh bidjil.
9. Oelah tjara hajam djago,  
kokotak hajang diogo,  
ditimboel nomro ngadjogo,  
dèk loemampah gè ngarogo.
10. Oerang hiroep koedoe mikir,  
sakoeatna imah pipir,  
sakadarna anoe pakir,  
pigeusaneun mangkè njingkir.
11. Oelah teu poegoeh ngoelinting,  
koedoe niron ka papanting,  
amrih tiis beurang peuting,  
teu halangan pcelang-anting.
12. Oolah dèk tjara njiroean,  
mindéng pisan kahoeroean,  
anak banda dirawoean,  
koeanoe boga boeroean.
13. Lamoen mangih soeka boengah,  
sing èling oelah balangah,  
olah djongdjon baè ngangah,  
alamat manggih sangengah.
14. Ka kolot oelah dèk siloeng,  
olah niroe anak angkloeng,  
anà njapa matak lingloeng,  
terkadang sok toeoej paloeng.
15. Ka kolot noe taja harga,  
doraka geus poegoeh djaga,  
di doenja gè mo djamoega,  
ngointing soesah koe raga.
16. Noe anom sing harti poma,  
bisi badag nja tarima,  
kanjaähna iboe rama,  
henteu pegat salamina.
17. Geus poegoeh keur leutik kènèh,  
nadjan bisa mawa manèh,  
kolot mah ngan njaaäh anèh,  
sapandjangna hèman sanèh.
18. Kanjaähna soenggoeh-soenggoeh,  
tjara pasirihan toenggoe,  
anak dèk njaba dipenggoe,  
bisi aja anoe ganggoe.
19. Manoesa ogè maloeloe,  
lamoen anak rieut hoeloe,  
atawa bahla ngahëloe,  
kolot tangtoe miloe-miloe.
20. Ngan lamoen anak noe nandjoeng,  
kolot langka ngaboeboedjoeng,  
rèk nèjang tara roesoch djoeng,  
ngadoenga tambah ngadjoengdjoeng.
- (Baris disamboeng).
- Basa boehoen.**
- Samboengan P. S. No. 1).
30. koe na raga kasangsara  
lahin koe twah salina begig  
boerantja mo ngala waja  
mo hateu heroheunnana  
diba moha hiri dengki.
35. ka sakali makejanna  
ngira ngiraning ti batì  
mara leka ngoetak ngoetik  
noepoe maling papadjingan  
makejan tjoera wérèda.
40. deu  
njo  
mo  
nga  
pak
45. Saç  
gel  
koe  
na  
da
- 50 Sar  
hir  
tw  
ma  
di
55. bog  
nja  
ng  
hat  
ha
60. ha  
sal  
ka  
ha
65. no  
ng  
ng  
re  
tei  
ng
70. ng  
...  
ha  
m  
ha
75. ke  
oel  
ke  
pa  
m

40. deu dingin deu pada djalma  
njotrakan dueun njapahhan  
mo kojo ngadjoek ngaraheh  
ngahoetang hanteu dek marajna  
pakeuna dek meunang boga
45. Sagoe dapoer tjatjarekan  
gelo pangasanga gelarkeun  
koe na sawoeng badjet  
na sagoe hirawari  
da dipipameunang tjaoret
50. Sare rago rawa  
hiri dengki paojana  
twah mo kalemekan patiti  
mantjowoera hateu aja  
di kasemaänana jata
55. bogoh ngotjoho meredjo  
njangsara ka pandita  
ngawiwrang ngawiwilah  
hateu wedi koe pamali  
hamo barang.
60. hamo takoet koe tjadoe  
sakitja noemagawe sapa  
kasodaän sang pandita  
hateu sija liwat injá.
65. noe mapakan rabi larang  
ngasoepkeun rabi ti loewar  
ngala hoëlandjar ti hoema  
reja poetri njijar deuh  
teu ageus dipanjijeupkeun  
ngahoeloenkeun tanpa teboes
70. ngadengda noe tanpa dosa  
..... hateu kadjinah  
hanah ing poenowidjaja  
moelah sija dèk kapoehoenna  
hajeuna mah kalijassan
75. keuna koe na pantjagati  
oelah soerah laboeh kawah dikeueuman  
koe sang jama hadipati  
pameunang noe gawé hala  
magihkeun boemi patala.

80. si do na deu sama  
moeroeb moetjar pakatonnan  
dipareuman hateu meunang  
dorana leuwih sadeupa  
djalananna sadeupa sisih (1)

Aja samboenganana.

Red.

(1) Edjahanana ieu basa boehoen, satjeplèkna  
anoe di toeroen.

**Sawér,  
Anggoeun ka pangantén.**

1. POEN ampoen amit paraloen,  
ka loehoer ka Sang Roemoehoen,  
ka handap Sang Batara,  
ka Batara ka Batari.
2. Batara poeraga jasa,  
nagara Toendjoeng Wirasa,  
kahijangan Sanoeresa,  
pamoeroedan pra'manoeza.
3. Batari poeraga djati,  
kahijangan rasa djati,  
bangbalikan diri boekti,  
medal poedji pangabakti.
4. ka Goesti Rab'boel Izati,  
noe kagoengan machloek pasti,  
Fil ardi was'samawati,  
toedjoeh lapis langit siti.
5. Koedrat moetlak hak ing Goesti,  
saeusina noe binoekti,  
pid'doenja wal' achirati,  
hoerip sarawoeh djeung pati.
6. B a e u ! banget noe garandang,  
geulis gandang jasa midang,  
lendjang loemenggang to mandang,  
eukeur lendjang aloes tandang.
7. Noe kasep ge taja tanding,  
soeroep digendeng dibanding,  
koe parakadang ngadingding,  
sami ngadjaring noe ginding.

8. Woer mawoer parantjah doejoeng,  
paraboen Batara Oejoeng,  
Pohatji sangiang Woejoeng,  
koeroengan aoeb tangtajoeng.
9. Emas mirah sari koening,  
pèlètna Sangiang wening,  
sawenang-wenang ngahening,  
poeraga sa oenang-aning.
10. Oenang-aning poesakana,  
oenang-aning panganggonna,  
panganggo sa parantjahna,  
parantjah dongdonannana.
11. Dongdonan kabalakaan,  
nja balik ka bir'rachian,  
bir'rachi kasoegemaan,  
soegema ti kasoekaan.
12. Wit Njai nja'patoelalis,  
mèmèh ditoelas ditoelis,  
mèmèh ngarèka noe geulis,  
indoeng bapa keur wiwilis.
13. Wiwilis samining asih  
sabobot sabinokasih,  
silih asah silih asih,  
tjampoeh djiwa sanoeringsih.
14. Bapa meta indoeng woejoeng,  
di dinja paraboen doejoeng,  
tata peta sorong dajoeng,  
padjoearan tempat woejoeng.
15. Woejoeng aloem kaseliran,  
kaselir ka p a b o e a r a n.  
paboearan pang wedaran,  
ngawedardeun panasaran.
16. Panasaran panasari,  
panas raga panas diri,  
panasna ki nafsoel'amri,  
sarina kamoeri-moeri.
17. Moeri-moeri rasa SIRna,  
da SIRna WADI MADIna,  
MANIna djeung MANINGKEMna,  
MANINGKEM nja, manoesana.
18. Balik ka si'bangbalikan,  
sindir Njai sapokpokan,  
rasakeun sindir soeloekan,  
soeloek sasaka tjitakan.
19. Tjitakan nja'iboe rama,  
njitak lain koe oepama,  
teu kawasa iboe rama,  
ngan ngajoega sa'lalama.
20. Sa tjara tjiri tjaina,  
tjara tjahaja sotjana,  
tjara tjarita tjangkemna,  
tjiri tjitjiren dangoena.
21. Hakking Nja Ko edratt o elah,  
gelarna njai teu salah,  
ka doenja kabir noe nelah,  
dioeroes saparipolah.
22. Koe iboe Enoeng noe pasti,  
didjaga toerta' goemati,  
dibakti dipoesti-poesti,  
dipiratoe dipigoesti.
23. Anak ing poopoedjan ati,  
njaah teh mang keti-keti,  
ngan Njai anoe dipoesti,  
estoe tikawit ngaboekti.
24. Andjog nepi ka ajeuna,  
taja babandingannana,  
leuwih tidoenja barana,  
estoe sabobot boewana.
25. Kersa Allah noe kawasa,  
leuwih asil ka manoesa,  
anak ing pandjang nja mangsa,  
sing eling agama esa' !.
26. nja Agama Islamoe'llah,  
Mohammadar'rasoeloel'lah,  
jen Islam papagon Allah,  
tanda manooetan jèn kalah.
27. Lampahkeun papagon sara,  
noe perloe teu kira-kira,  
Sallat noe lima perkara,  
prak lampahkeun koe salira..
28. Haram makroeh koedoe tjegah,  
da mo matak djadi seunggah,  
oelah këna-këna gagah,  
bedegong taja panjegah.
29. è  
s  
n
30. E  
g  
d  
k
31. T  
s  
a  
g
32. H  
g  
s  
s
33. B  
t  
b  
t
34. A  
h  
t  
d
35. T  
t  
t  
K
36. O  
t  
t  
k
37. M  
g  
t  
d
38. K  
t  
,,C  
m

29. Di lahir tempat ichtiar,  
èlmoe toengtoet doenja siar,  
sangkana moelja goemelar,  
nya koedoe loba panalar.
30. Da Goesti mah sipat moerah,  
geura seug oerang paparah,  
dadamelan noe geus njarah,  
koe Apa anoe kadjarah.
31. Tètèla jèn pangatoeran,  
sagala damel pangèran,  
aja gedong matak hèran,  
gedè loehoer nanakeran.
32. Henteu aja papadana,  
gedong kitoe poharana,  
santosa dangdananana,  
sagedè goenoeng pakoenan.
33. Bisi padjar rahoel doang,  
tah! ieu Alam noe lewangs,  
boengangang nya awang-awang,  
teu karana modal oeang.
34. Adegan djagat pohara,  
henteu kalawan kosara,  
tapi dangdanan njalira,  
djadi sagala perkara.
35. Teu kalawan parabot bas,  
teu makè balioeng rimbas,  
tatpi ngadjadi bëbas,  
Koedrat-iradat noe nebas.
36. Oerang sing lanitip pikiran,  
tètèla damel Pangèran,  
teu aja noe matak hèran,  
koedoe soekoer nanakeran.
37. Mahloek mah ngan tampa ngeunah,  
goemelar nitihan tanah,  
taja kasalempang manah,  
dangdanan pageuh djeung ngeunah.
38. Keur ngeunah dangdanan saé,  
tambah tjaang oenggal poë,  
„OBORAN noe beureum hèdjo,  
mamrih oerang awas nèndjo.
39. Soemangga oerang laladjo,  
eusni doenja oerang djodjo,  
„OBORAN noe beureum hèdjo,  
mamrih oerang awas mèndjo.
40. Mimiti oerang pelesir,  
koedoe mapaj heula pasir,  
mamrih awas ka basisir,  
eusni doenja sing kataksir.
41. Masa Allah Alam doenja!  
eusina mani ngaleuja,  
roepa saniskara aja,  
Goesti Allah leuwih kaja.
42. Keur kaja asih djeung moerah,  
eusni doenja njajeud njarah,  
Goesti tèh taja pangarah,  
ngan keur machloek oenggal sirah.
43. „OBORAN” bari tingalan,  
euleuh! geuning tjoetjoekolan,  
tina boemi baridjilan,  
noe areujan noe tangkalan,
44. Pirang-pirang nya goenana,  
hasilna kabina-bina,  
akar, tangkalna, beutina,  
kembangna reudjeung daoenna.
45. Warna-warna boeboeahan,  
tina tangkal tina dahan,  
ti noe ngareuj baroeahan,  
Goesti Allah teh moerahan.
46. Rasa boeah bëda-bëda,  
amis pelem haseum lada,  
Pangeran welas katjida,  
soepaja manoesa neda.
47. Kanjataan leuwih pisa,  
nganggo boengkoes pageuh pisan,  
boengkoesna araloës pisan,  
bisi roeksak kareumisan.
48. Anoe lantjip dipalirè,  
hèran lain djourè-djourè,  
geus poegoeh mah èta parè,  
boengkoesna teu dimomorè.

49. Laoek warna-warna loba,  
sapi moending embè domba,  
hajam meri rendang njaba,  
damel Allah anoe moerba.
50. Keur manoesa dadaharan,  
loba manoek haliberan,  
manoek leutik nanakeran,  
ditjawisan koe Pangèran.
51. Geus poegoeh mah manoek bango,  
sockoena sagedè django,  
orakaja njieun tongo,  
peudjitna mani molongo.
52. Tobat Goesti matak weksa,  
leuwih radjin leuwih jasa,  
poegoeh ngadamel manoesa,  
tèlèla Allah kawasa.
53. Dipanonan disoengoetan,  
dileungeunan keur njokotan,  
soekoe keur angkat-angkatan,  
bovac leumpang loeloempatan.
54. Djalma gadoeh dampal soekoe,  
dipakè leumpang loemakoe,  
saoemoer hiroep ngabakoe,  
tapi pageuhna natakoe.
55. Awak oerang matak hèran,  
dangdanan damel Pangèran,  
roejad rèjod lalonggèran,  
tapi pageuh nanakeran.
56. Wantoe dangdanan noe sakti,  
noe radjin leuwih ti misti,  
ari taroempah mah pasti,  
dikaroet gè mindeng ganti.
57. Dina manah pelah salah,  
èelingkeun ka Goesti Allah,  
raga oerang tan'pa polah,  
oesik obah kersa Allah.
58. Ieu „OBOR” noe disoerat,  
geus TERANG pikeun ibarat,  
moen toeroet ka kitab soerat,  
senangna doenja ahèrat.
59. Njandak „OBOR” tangtoe awas,  
koedoe lenjep koedoe was-was,  
lamoen teu pertjaja tiwas,  
noe matak hantem tarawas.
60. Hiroep di doenja teu lila,  
di doenja loba mamala,  
moen poèk nja tangtoe bahla,  
koedoe tjegah lampah ala.
61. Sakitoe ngawangwang basa,  
diatoer sabisa-bisa,  
soepaja djadi karasa,  
oelah mangmang asa-asa.
62. Panoehcen noe ngarang patwa,  
rèh gadoeh sangkaan boa,  
boa teuing dipitjoea,  
koe sadaja anom toeа.
63. Manah oelah kadinjana,  
doemèh sahandapeunnana,  
oemoerna miwah pangkatna,  
moeng lenjepan soerasana.
64. Pami aja noe pitoea,  
soemawon ti bangsa toeа,  
sanadjan ti noe saroea,  
oelah rèk dianggo tjoea.
65. Oepami tatjan kapendak,  
sanadjan oerang noe oendak,  
moal matak beurt moendak,  
anggoer sakalian poendak.
66. Nadjan pinter mapatahan,  
namoeng kedah dipageuhan,  
sok radjeun kabalangahan,  
mawi dimoesawarahan.
67. Keur pinter kabinangkitan,  
diwoewoeh koe noe ngingetan,  
woewoeh tebih kaloepoetan,  
ageung nja kasalametan.

ATMAJOEDA.  
(Hulpschrijver Kaboepaten  
Bandoeng).

**Blantara.**

(Tina Djawa No. 3, tahoen, 1 Karangan  
H. S. d. P.)

1. Dangdanggoela didamel pèpèling,  
rèk miwoelang nandakeun kamêlang,  
ka anak anoe pangantèn,  
batan omongan pantoen,  
woengkoel ketjap teu djeung katjapi,  
jadi saroepa-roepa,  
dèk moeroek mitoetoer,  
nganaséhatan ka oedjang,  
tina ama reudjeung iboe boengah ati,  
soeka taja hinggana.
2. Rèhna Oedjang eudjeung Enok njai,  
ditikahkeun djeung pada karepna,  
lain beunang ngarerepok,  
kolot mah ngan djoemoeroeng,  
samboeng doenga moegi lastari,  
loeloes-roentoet teu bantat,  
sing asih saloeloet,  
ngeunah reungeu ngeunah tingal,  
lambat-lamboet pandjang doeriaat sa-  
rimbit,  
kebat gedè daradjat.
3. Eta kitoe paneda ka Goesti,  
noe kawasa noe moerba wisesa,  
noe moerah ka machloek kabèh,  
sarta sapäät Rasoel,  
noe diselir Pamoengkas Nabi,  
sarta sanget neneda,  
ka para loelohoer,  
moega loentoer berekahna,  
ka baroedak anoe geus djatoek karami,  
doeh poma pisan Oedjang.
4. Eling èling koe pikir ilaing,  
kabèh woelang anoe mikamelang,  
djéung bodjo oelah rèk bendèng,  
koedoe sing loeloes-roentoet,  
laki-rabi sing loeloes-loeis,  
oelat getas hareuras,  
sok matak teu oeroes,  
moen noeroetkeun napsoe keras,  
jadi was-was sok regas taja kainggis,  
leungit ichtiar tiwas.
5. Ka bodjo tèh mangka welas asih,  
koedoe pisan silih pikahèman,  
pasemon koedoe sing bérès,  
oelah koesoet ngoeloewoet,  
omong oelah ketjoet djeung kesit,  
koedoe oelat marahmaj,  
soepaja toemoeloej,  
loeloes kana kahadèan,  
djeung bodjo tèh sing malar djadi sa-  
rimbit,  
di doenja di achèrat.
6. Nadjan soegih emas pèrak doeit,  
moen teu roentoet reudjeung pama-  
djikan,  
ngelojaban baè hatè,  
loopoet anoe dimaksoed,  
moal djadi rahajoe diri,  
alamat teu djamoega,  
saoemoerna hiroep,  
lain tina kabeungharan,  
anoe matak djempè hatè tiis pikir,  
ngan roentoet saaleutan.
7. Reudjeung perloe moenggoehing sa-  
laki,  
mapatahan ka bodjona tèa,  
adab panatan awèwè,  
dioek nangtoeng loemakoe,  
tata-titi mangka kasoerti,  
tingkah polah babasan,  
sarta tindak-tandoek,  
oelah sok tindak ngadadak,  
sarta woeroek ngakoe tamoe titih  
rintih,  
sing sarèsèh somèah.
8. Poma-poma rèk kaboeroe sengit,  
ka bodjo tèh moen aja salahna,  
anoe teu soeroep djeung hatè,  
naon noe teu panoedjoe,  
pèk waktjakeun sina kaharti,  
loopoetna pamadjikan,  
koedoe leukeun moeroek,  
djeung koedoe gedè hampoera,  
reudjeung koedoe woeroek naon anoe  
wadjib,  
parèntah hoekoem sara.

9. Ngan sakitoe nja mèrè pepeling,  
henteu pandjang dapon dipilampah,  
sanadjan piwoeroek pondok,  
lamoenna bisa noengkoes,  
meureun djadi rahajoe diri,  
karasa mangpaätña.  
Insja Allah loeloes,  
sarateu moengpang piwoelang,  
Adoch oedjang poma masing èling-  
èling,  
kana kahèman sepah.

Aja toeloejna.

**Wawatjan Siliwangi.**

Samboenganana. No. 2

111. Radén Anom kerén loengsoer,  
ngaboedjeng telenging leuwi,  
horéng raka papan kemat,  
matek goetoek menoer poedji,  
gendam panangtang boehaja,  
ronghéap boehaja poetih.

112. Boehaja gantjang dioetoes,  
ujamber noe siram di leuwi,  
sang boehaja mangap-mangap,  
Radén Anom geus katjangking,  
nanging njangking ganti sembah,  
njangking tawis rék ngabakti.

113. Boeaja koempoel ngarioeng,  
isin adjrih liwat saking,  
ting karépot tanda hormat,  
ngawisik adjining demit,  
adji roma kasileman,  
ageman panggeugeuh leuwi.

114. Noe di darat soerak seroe,  
soeka galih tanpa tanding,  
Papagratang djeung Tandesan,  
koedoe djogéd Djadoed Djadid,  
paréntah timbalan soerak,  
tawis Pamoenah lastari.

SINOM.

115. Noedjoe ramé soesoerakan,  
Dén Anom bidjil ti hilir,  
medal diiring boehaja,  
sadaja kagét teu harti,  
raka ketjoet boedi kesit,  
tina bendoëna pok njaoer:  
Geuning diiring boeaja,  
boeaja ti mendi manggih,  
hiap bawa oerang retjah soegan ngeu-  
nah.

116. Pamoenah Rasa ka darat,  
handjat tina birit leuwi,  
boehajana mamandapan,  
Rahadén Poetra geus linggih,  
Ti Radén Patih teu tebih,  
linggih loenggoch timpoeh,  
Dén Banjak Soemba ngandika:  
Ama boengah liwat saking,  
awak bagdja waloeja meunang boe-  
haja.

117. Sina retjah koe baroedak,  
loemajan sina dipeuntjit,  
soegan arék diharakan,  
Pamoenah Rasa ngalahir:  
Sanés mawa rék dipeuntjit,  
boehaja bëla toemoetoer,  
datangna soeka sorangan,  
éstoe karepna pribadi,  
tawis asih ka abdi njarengan moelang.

118. Moal moelang kaniaja,  
noe asih dipoelang sengit,  
Sang boehaja tanpa dosa.  
Radén Patih këndel galih,  
tina sanget teu ngarti,

- ningal woedjoed noe geus poegoeh,  
ngodjaj tjara éngkang-éngkang,  
njoekang dina areuj leutik,  
kawas njata lain boedak samanéa.
119. Boehaja geus sina moelang,  
ka Radén amitan balik,  
Kotjap Dèn Asmoenalarang,  
ningal rai leuwih sakti,  
mana peurih ming'kir sedih,  
ka rama oendjoeng hoematoer,  
mangga oerang ka goeha,  
njatjapkeun tjiri noe boekti,  
ladjeng djengkar sadaja ka -Pasale  
man.
120. Goeha atra katingalan,  
loengkawing djero nangtawing,  
di handapna mah teu awas,  
poék mongkléng boeta radjin,  
ti loear noe ketingali,  
aja areuj hidji lemboet,  
ngambaj geusan toengtoeroenan,  
Asmoena Larang ngalahir:  
Geura djadjal adi asoep ka djerona.
121. Radja Soenoe tjoemalinba,  
adoch engkang téga teuing,  
soemangga baé telasan,  
abdi pasrah bakti pati,  
asoep abdi aringgis,  
miris gimir teu kaoentoep,  
Asmoenalarang maksa,  
raina keukeuh teu wani,  
kek ditjerek rék dipaksa koe piroesa.
122. Rék dibalangkeun ka goeha.  
Pamanahrasa djoemerit,  
atoeh engké heula engkang,  
da abdi téh boedak leutik,  
moal baha moal boedi,  
nadjan lain boedak timoe,  
lain boedak kasangsara,  
éstoe poetra rama Adjí,  
mangké atoeh abdi badé dangdan  
heula.
123. Ladjeng Radja Soenoe dangdan,  
sindjang soetra tjindé singkil,  
kangkaloeng kongkojang emas,  
pinggel disigsetkeun deui,  
sangeusna tarampil ringsig,  
salira aloem kajoengkoen,  
Pamanahrasa nalangsa,  
moerangkalih ngerik galih,  
tjisotjana reumbaj medal disoesoetan.
124. Perbawa sabar darana,  
soemerah ka takdir Goesti,  
anggang manah ngarasoela,  
ka raka oendjoekan amit,  
engkang abdi badé titip,  
wangsit wiat kangdjeng iboe,  
saréh tadi noedjoe gerah,  
kadoea titip poen adi,  
Radja Poepoek anoe masih kénéh boe-  
dak.
125. Rakana ngandika njentak,  
montong teuing djadi ati,  
teu goena dipikamelang,  
kawas djoelig gindi pikir,  
noeding djail silib dengki,  
anggoer ka goeha geura soep,  
iatna Pamanahrasa,  
satoetasna njambat Goesti,  
ngagoentajang loemebet ka djero goe-  
ha.
126. Goerantil goegoerawilan,  
mapaj-mapaj areuj leutik,  
poék mongkléng boeta rata,  
deudeuh anoe keur prihatin,  
koe raka diarah pati,  
toetoeg tepi ka toengtoeng,  
Rahadén dongkap ka handap,  
atra awas katingali,  
ngagoléndang sinar tjaang djero goe-  
ha.
127. Manah hémeng salin rasa,  
raos asoep ka djro nagri,  
ningal pirang-pirang djalma,

ramé anoe wara wiri,  
Kotjap Sang Radja Djin,  
kagét nigali noe rawoeh,  
andjeunna njambat mariksa;  
Ieu manoesa ti mendi,  
tara-tara aja djalma anoe datang.

satoetasna soekan-soekan,  
djin ka Radén ngalahir,  
moen geus hajang hadé oedjang geura  
moelang.

128. Radén roeméndjag manahna,  
ngawaler hormat djeung titih,  
tatag oetjap poetra radja:  
Noen rama séwoe pangbakti,  
menggahing djisim abdi,  
tedak wedalan ti Galoeh,  
ngaran poen Pamanahrasa,  
rama adji mangkoe nagri,  
noe katedah ratoe agoeng Padjadjaran.

129. Menggah sim abdi ajeuna,  
koe doeloer diarah pati,  
abdi pang ka dieu dongkap,  
didjeroem noe djoelig dengki.  
Atoch koe radja Edjin,  
radén digewat dipangkoe,  
disambat didama-dama,  
adoeh emas deudeuh teuing,  
sabar baé da moal djadi tjilaka.

130. Lamoen oedjang disangsara,  
koe noe djail djoelig dengki,  
nandasa rèk nganiaja,  
ajeuna ama ngawaris,  
djimat ageman edjin,  
tanwandè djin pada anoet,  
hèh ieu oedjang tampanan,  
adjianana sakali,  
ladjeng Radén diwirid élmoe kadjinan.

131. Geus apal adjianana,  
miwah djimat geus katampi,  
ladjeng sareng barang toeang,  
katoeangan roepi-roepi,  
anoe amis noe goerih,  
toeang leueut goenem tjatoer,


132. Dina manah Radén Poetra,  
aja dina goeha lami,  
raos-raos geus moelanan,  
diaping diasih edjin,  
dipirig soeka galih,  
nembé didjoeroeng wangsoel,  
pangira panjeta manah,  
raka rama geus maroelih,  
réh geus lawas di goeha aja boelanna.

133. Sanggeus ditimbalan moelang,  
Radén poetra njembah amit,  
angkat mapaj djalan dongkap,  
ahéng horéng poék deui,  
soesoer sasar tjara tadi,  
tjara dina waktoe asoep,  
kotjap noe aja di loear,  
radja poetra sareng patih,  
areuj alit pamoentangan dikadékan.

134. Nanging henteu daék pegat,  
pakarang taja noe mahi,  
gobang pedang henteu teurak,  
keris badi komo deui,  
Tandesan nampi tampiling,  
Papagratang djamedoed,  
réhing areuj henteu pegat,  
Asmoenalarang sér miris,  
ningal rai bidjilna goegoerawilan.

135. Radén Soenoe handjat medal,  
koe raka arék dibanting,  
rék ditelasan koe pedang,  
pedang direboet koe patih,  
bari ngalahir bengis,  
bet kawas lain djeung doeloer,  
kawas tedak koeritjakan,  
tinggal tata titi soerti,  
arék téga nelasan doeloer sorangan.

136. Sádaja djengkar ti goeha,  
 ka papajon geusan tjilik,  
 Pamanahrasa ngalimba,  
 toengkoel poengkoereun Dén Patih,  
 manah langkoeng prihatin,  
 sakémék teu pisan njaoer,  
 ngomah-ngomahan amarah,  
 ningali boedi parangi,  
 ketjoet kesit pasemon oelat rakana.
137. Ebréh atra dina raraj,  
 teu kènging dipinding-pinding,  
 soerah oelatna katingal,  
 kedal oetjap lirik sengit,  
 ngandika raka ka rai,  
 èh ajeuna radja soenoe,  
 lamoen rék noeroet ka kaka,  
 awak koedoe geura njingkir,  
 ingkah anggang ka tanah nagara lian.
138. Lamoen baha henteu njingkah,  
 ajeuna ogé lastari.  
 Pamoenahrasa oendjoekan,  
 gentra tatag mangkring galih,  
 émoet ka piwoeroek djin,  
 sabar darana teu napsoe,  
 saoerna koemaha kersa,  
 moal baha abdi ngiring,  
 rék diboeang soemangga abdi mah  
 pasrah.
139. Asmoena Larang ngandika:  
 Papagratang manéh indit,  
 geura ngala geugeutahan,  
 noe tjepel keket noe dalit,  
 leugeut nangka kelewih,  
 sing meunang salodong pinoeh,
- ari sia Tandesan,  
 njieun areng keler djati,  
 ditoetoean ditipoeng sing lemoet pi-  
 san.
140. Doeä pandakawan mangkat,  
 ngala geutah noetoeh djati,  
 Tandesan djeung Papagratang,  
 ting keletjis ngomong leutik,  
 àpong djoeragan dengki,  
 ka sadérék tèh bet kitoe,  
 hadéna Pamanalirasa,  
 digdjajana leuwih-leuwih,  
 moen ngalawan doenoengan oerang  
 kasoran.
141. Sanggeus ngomong silih témpas,  
 Tandesan noetoehan djati,  
 Papagratang ngala geutah,  
 dioleg datangka dalit,  
 Tandesan geus sajagi,  
 areng enggeus djadi tipoeng,  
 teroes disanggakeun pisan,  
 geutah sareng leboe djati,  
 pék ditjampoer leugeut keler digale-  
 jan.
142. Sanggeus dioleg geutahna,  
 djeung areng geus djadi hidji,  
 Radjasoenoe dibaloeran,  
 saloear salira lantis,  
 tina raraj kana birit,  
 lamboet poengkoer kabèh pinoeh,  
 hérang-hérang kari sotja,  
 sareng waos mah beresih,  
 hideung lestreng salirana kawas ga-  
 gah.



## Pihatoer Redaksi

Djoeragan-djoeragan anoe teu atjan langganan, moegi ènggal njeratan moendoet langganan Poesaka-Soenda, margi moeng njitak 1000 (sarèboe). Tangtos pisan anoe moendoët sapandeurieun nomor **sarèboe**, moal iasa ènggal nampi Poesaka Soenda, sakoemaha pihandeu-euleunana!

Koe margi èta disoehoenkeun pitandangna para Djoeragan anoe parantos langganan, moegi kersa kernaalah, ngawartosan ka para kantja sareng mitra, soepados sina ènggal njareratan ka Redaksi P. S. maroendoet djadi langganan, margi mèh sèèp toetoep 1000.

Oepami kaporotan, moal ngiring goembira moeka pependeman Soenda.

Pawis mitjinta ka mitra, enggal sina rèjèk ngiring ngagoeear Poesaka-Soenda.

J n° 3 : 48